

# 219: Ivyo nkora nkirih' aho bazorangirira

---

1. Ivyo nkora nkirih' aho bazorangirira.

Ah' ukudapfa kuzokura gupfa,

Ni nashika mw ijuru nzosangay'Umukiza,

Azonyakiran' inez'amp' ikaze,

Nzomumenya,nzomumenya

Nzomuhagarar'imbere nkize,

Nzomumenya,nzomumenya

Mbony'inkovu mu biganza vyawe

2. Nzonezerwa mbonye mu nyonga hiwe,

Nzomushimira mfis'umunezero,

Imbabazi n'ubuntu n'urukundo vyatumye

Amp' aho mba mu rugo rwo mw'ijuru.

3. Abar' iyo nkunda bariko baranyakura,

Bamwe twasezeranira ku ruzi,

Arik' uwo nifuza cane ko twobonana

N'Umucunguzi wanjye yanyiguze.

4. Azoncisha mu kirimb' anshikane mu rugo,

Anyambits' impuzu zera derere,

Nzorimbana n'aber' indirimbo ya Mose,

Ndifuzanya cane kubon' Umukiza.